

Nan sezon siklòn
rete veyatif
se mèt kò ki veye kò





Kisa pou nou fè pou nou prepare nou nan sezon siklòn ?

- Koupe branch bwa ki twò pre kay oswa ki gen fil kouran epi ranfòse fenèt, pòt ak tòl ;
- Si w rete bò lanmè, bò ravin, oswa bò rivyè, fòk ou deja konnen pou w ale nan kay ki pi solid ;
- Toujou gen flach, radyo ak kèk pil rezèv pou fè nouvèl.

Kisa nou dwe fè lè yo anonse siklòn ?

1- Anvan siklòn nan rive

- Gaye nouvèl la bay fanmi w, vwazen w e latriye pou tout moun ka konnen l ;
- Kontinye koute radyo paske yo gen anpil konsèy pou ou ;
- Pare yon ti sak ki gen rad ak papye enpòtan tankou batistè, aksivil, papye tè, papye kay pou sizoka w ap gen pou kite kay ou ;
- Mete bèt yo an sekirite, kote dlo pa ka ale avè yo, kote pyebwa pa ka tonbe sou yo ;
- Toujou fè jefò pou gen ton ti rezèv manje tankou pen, kazav, sadin, manba, sèl, medikaman w ap pran ak dlo potab pou bwè

2- Pandan siklòn nan ap pase

- Si w gen ti bebe, fòk ou gen manje ak kouchèt pou li
- Rete anndan kay kote ou ye a, epi chita kote kay la pi solid ;
- Pa kite timoun al benyen nan lapli ;
- Pa limen dife, ni balèn, yo ka fè kay la pran dife.

3- Lè siklòn nan fin pase

- Ede vwazen ou yo ak otorite yo nan zòn pote moun ki nan bezwen sekou ;
- Pran prekosyon ak fil kouran ki tonbe ;
- Toujou kontinye koute radyo.

Kisa pou nou fè ankò ?

- Pa pèdi san fwa w;
- Pa kanpe pre rivyè ni sou pon pou ou gade lavalas k ap desann ;
- Pa janm janbe dlo k ap desann, ni a pye, ni sou bèt, ni nan machin ;
- Pa travèse, ni rete sou pon ki ka kraze
- Pa dòmi di, rete veyatif.



Ministère de l'Intérieur et des Collectivités Territoriales (MICT)
Direction de la Protection Civile
Comité thématique Education et Sensibilisation du public

Conception : CTESP-SPGRD
Financement : PUGRD

PUGRD

Sòti mwa jen pou rive mwa novanm se sezon siklòn